



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D
Office of the Superintendent



March 23, 2020

Bonswa Fanmi ak Anplwaye nan Orange,

Nou rekonèt ke fèmti Lekòl la kapab prezante yon pwoblèm pou fanmi yo, men se pa yon bagay ke nou pran alalejè. Sepandan, nou dwe aji ansanm nan pran responsabilite nou pou fè fas ak defi sante publik sa a. Nou pran desizyon pou kontinye plan fèmti an ijans Lekòl Piblik Distri Orange lan. Pandan plan fèmti an ijans lan, aprantisaj a distans yo, jan nou te kòmanse'l Madi 17 Mas la jiska koulyè a, l'ap kontinye jiska 3 Avril 2020 an. Elèv yo dwe kontinye angaje yo ak pwofesè yo atravè platfòm oswa mwayen ki disponib yo, tankou Zoom, Klas doro, Remind (Rapèl), ak Klas Google yo pou nonmen kèk sèlman. Mwen vle remèsyе elèv ak fanmi nou yo pou kot pa yo nan "nouvo nòmal sa a". Paran, n'ap raple'w ke ou dwe toujou tcheke pòtal la paran an pou revize pwogrè elèv yo.

Tout Lekòl ak Biwo nan Distri a ap kontinye fèmen jiska 3 Avril 2020, sepandan pwogram enstriksyonèl ak emosyonèl nou yo ap kontinye atravè inisyativ aprantisaj a distans lan. Nan semèn 6 Avril k'ap vini an, pral genyen yon desizyon k'ap soti kòm nou konnen enpòtans ki genyen nan planifikasyon ak preparasyon pou fanmi ak anplwaye nou yo.

Tanpri soje ke n'ap koutinye sèvi manje maten ak manje midi "Grab and Go" ki vle di "Pran epi Ale" nan 11 kote nan Distri a, esepte nan STEM Innovation Akademy nan Orange ak Cleveland Street School (Swing Space nan Our Lady of Valley). Dejene/Manje maten kòmanse de 7:30 AM a 9:30 AM. Nou pral sèvi elèv yo yonn apre lòt pwiske nou dwe pratike yon pwosedì distans sosyal.

Mwen vle remèsyе tout fanmi ak anplwaye nou yo pou kowoperasyon ak sipò kontinyèl nou nan Lekòl Piblik Distri Orange. N'ap raple ou ankò ke nou tout, nou nan menm sitiayasyon an ansanm.

Se Doktè Fitzhugh
Sipèntandan Lekòl yo.